



Mukakaro 2022

*kirundi*

**Ivyamwa vya Mutima navyo ni ni  
urukundo, akanyamuneza, amahoro,  
ukwiyumanganya, ubukundanyi,  
ubuntu , ukugumya ibanga,  
ugutekerreza, ukwitsinda.**

(Abagalati 5, 22)

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432  
Mail: [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
Homepage: [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

---

**Cungera umutima wawe!  
Watch your heart!**

Bakunzi ba go4peace

Yezu we nyene yari yaremereye abigishwa biwe ko azokwamana nabo gushika ku muhero w'isi. Ni naho rero bashoboye kumwibonera n'amaso yabo y'umubiri amaze kuzuka mu bapfuye. Mugabo nta Cuma co gufata amasanamu cari gushobora kumufotora igihe yari amaze kuzuka. Ariko abagenzi biwe barategera ko yaba hagati muri bo. Ico nico camaze ubwoba Petero, kimuha ingoga zo kubimenyeshya abandi. Ico nico cahutagije abihishwa babiri bariko bagenga i Emmawusi, baraheza bahindukira muri iryo joro nyene kubibwira bagenzi babo i Yeruzalemu. Ico caragaragara kuri bose, kikaboneka ariko ntawushobora kugikorakora. Ivyo na Mariya Madalena yarabitegereye aho Yezu yamubwira ati „ntuntevyeye urtyo“.

Yezu yari yiyeretse abiwe - umwe umwe, no mu karwi gatoyi. None abantu bategereye gute ko vy'ukuri ari muri bo? Ivyo ni vyo tubwirwa n'inkuru zibura izuka. Abakunzi ba Yezu barumva vy'ukuri ko imitima yabo irurumba. „Barabona“ umuco udasanze ubaboneshereza ukabaha n'ubutwari. „Baramukorakora“ mu mahoro akomeye mu mitima yabo, mu kanyamuneza batari bwigere bumva. – Ivyo bumva mu mitima yabo – ni vyo Paulo yita „ivyamwa vya Mutima“ mw'ibaruwa yandikiye Abagalati . Erega na wewe ivyo bikorwa vya Yezu ari aho muri wewe, biribonekeza, gusa n'uko bibonwa „n'amaso y'umutima“. Cungera rero umutima wawe!

Toma yarategereye ikintu agira adusabikanirize : „Nari nagiyeye mw'ikambi ry'amahoro i Sarayevu. Ku musu ku musu twaragendera rimwe mu majambo ya Yezu. Ku mugoroba twaraheza tugasabikanya ingene twarigendeye .Ico gihe nama numva akanyamuneza gashasha kuri jewe. Nico gituma naguma mpimbarwa uko umwaka utashe, no gusubira kuja muri iryo kambi, hamwe n'urwaruka rwinshi. Ivyo vyarampa ingoga zo gukomeza urugendo. Mu kiyago twagiranye n'umuntu, narahavuye ndategera ko ako kanyamuneza yari amakanda ya Yezu ataboneka. We ubwiye niho yaba ari. Ni We yatugabira akanyamuneza kiwe. „Naramubona“ n'amaso y'umutima wanje. Kuva ico gihe, ngumana icipfuzo ko gucika umuhinga mu kubona Yezu ari mu bantu“. - Cungera umutima wawe! – Wach your heart!

Kubwa go4peace Team

Meinolf Wacker